



PLAN PEDAGOJIK POU TIBEBE JISKA

TIMOUN TWAZAN

MANYÈL POU PARAN

KREYÒL AYISYEN

Deskripsyon Pwogram nan

Plan Pedagojik pou Tibebe jiska Timoun Twazan

Nan chak nan atelye sa yo, patisipan yo pral konstwi konesans ak konpetans pa yo. Yo jwenn sipò nan men paran pa yo nan yon anviwònman an gwoup ki baze sou pwèn fò paran yo genyen.

Atelye 1 : Oryantasyon ak Swen Pèsonèl

Li fokis sou bezwen paran yo genyen pou akòde tan ak enèji pou tèt yo pou yo ka pran swen pitit pa yo pi byen. Ansanm, paran yo pral eksplore teknik rediksyon estrès, plèn konsyans, ak enpòtans koneksyon sosyal ak lòt moun – tout sa yo se faktè enpòtan pou pwoteje w kont estrès.

Atelye 2 : Estil Edikasyon Paran

Li fokis sou fason lavi paran yo ak chwa yo fè konsènan edikasyon pitit yo kapab poze yon fondasyon pou devlopman global pitit pa yo. Ansanm, paran yo pral eksplore enpòtans ki genyen lè w fòje relasyon ak atachman bonè, paske sa a ede l devlope byen.

Atelye 3 : Konekte ak Pitit ou

Li fokis sou diferan fason chak timoun ekspri tèt li pou kominike bezwen l yo, epi kòman paran yo kapab reyaji. Ansanm, paran yo pral eksplore wòl tanperaman an jwè nan relasyon paran-pitit ak enpòtans ki genyen lè yo chache konprann pwendevi tibebe yo a.

Atelye 4 : Pòz Kafè pou Paran

Antanke gwoup nan yon fòm Pòz Kafè pou Paran, atelye sa a pèmèt paran yo pou yo revize konesans ak konpetans yo aprann jiskaprezan. Ansanm, paran yo pral pataje defi ak reyisit pa yo lè y ap eseye anplwaye estrateji sa yo pou amelyore relasyon yo genyen ansanm ak pitit yo a.

Atelye 5 : Metrize Imè

Li fokis sou kòman paran yo kapab konprann ak gide pitit pa yo lè y ap devlope yon sans idantite ak eseye konprann lòt moun. Ansanm, parak yo pral eksplore devlopman sosyal ak konpòtman timoun piti, ki gen ladan estrateji pou anseye konpetans sosyal, ankouraje timoun piti pou yo pa tonbe kriye ak fè estera, epi kòman pou reyaji lè sa a fèt. Li fokis sou ede paran yo konprann bezwen fizik tibebe yo a.

Atelye 6 : Bonjour Tibebe, Ann Pale

Li fokis sou kòman pou ankouraje timoun piti yo kòmanse devlope kapasite lengwistik ak woutin alfabetizasyon. Ansanm, paran yo pral pale konsènan akonplisman enpòtan nan domenn langaj ak kominikasyon, enpòtans lekti ak estrateji kotidyen ki pou pèmèt timoun piti yo a konnen ke paran an tande l.

Atelye 7 : Pitit kirye w la

Li fokis sou konprann jwèt tibebe yo konn renmen ak enpòtans li genyen pou ede yo devloppe konpetans pou rezoud pwoblèm kotidyen yo. Ansanm, paran yo pral eksplòre ak pratike estrateji ki ankouraje kiriyozite ak eksperimantasyon atravè jwèt.

Atelye 8 : Pòz Kafè pou Paran yo

Nan yon fòm Pòz Kafè pou Paran, gwoup yo pral diskite kòman paran yo ka ede pitit pa yo ekspriye emosyon pa yo nan yon fason ki apwopriye ak kòman disiplin pozitif ka konstwi sans endepandan timoun nan santi ti kal pa ti kal.

Atelye 9 : Timoun Piti ap fè Eksplorasyon

Li fokis sou kòman eksplorasyon fizik pral ede timoun nan devloppe nouvo konpetans ak aprann nouvo bagay. Ansanm, paran yo pral pataje pwogrè yo ak akonplisman pa yo nan devlopman pitit pa yo, epi y ap diskite enpòtans ki genyen pou yo reponn ak bezwen timoun nan genyen pou l kòmanse vin pi endepandan.

Atelye 10 : Yon fwaye ki (pi) pozitif

Li fokis sou anviwònman lakay ou ak ki estrateji edikasyon timoun ki ka ede w reyisi. Nou pral mete anfas sou estrateji ak woutin edikasyon timoun, sitou nan sa ki gen pou wè ak medya timoun nan konn gade yo. Ansanm, paran yo pral idantifye ak panse sou faktè ki rann valè yo antanke paran pi difisil oubyen faktè ki rann travay paran an pi fasil tou.

Atelye 11 : Pòz Kafè pou Paran yo

Li fokis sou reyini tout diferan estrateji ak enfòmasyon ki prezante nan pwogram Enpak yon Bon Paran an. Ansanm, paran yo pral diskite kòman yo ka kreye yon anviwònman san estrès pou paran an ak pou pitit la nan mete sou pye yon seri woutin swen ki regilyè epi nan kreye yon anviwònman nourisan.

Atelye 12 : Gradyasyon

Se yon opòtinite pou reyini ansanm, reflechi ak selebre lesou ke nou aprann yo. Paran yo pral pataje istwa konsènan sa yo te rejwenn nan patisipe nan pwogram Enpak yon Bon Paran an.

PWOGRAM ENPAK YON BON PARAN™

TIBEBE JISKA TIMOUN TWAZAN - PLAN PEDAGOJIK LA



Enfòmasyon Paran an

Non : _____

Rejyon/Vil : _____

Sit : _____

Non ak Laj Timoun yo :

Tibebe Jiska Timoun Twazan
Atelye 1 : Oryantasyon ak Swen Pèsonèl
Ide pou Pran Swen Tèt Mwen

Kilès nan estrateji sa yo ou ta renmen eseye semèn sa a ? Eseye chwazi omwen youn nan chak kategori

1. Sante fizik mwen an

- _____ Konsome fwi ak legim.
- _____ Fè egzèsis detire.
- _____ Fè yon pwomenad 10 minit.
- _____ Danse lakay mwen.
- _____ Jwe jwèt fizik ansanm ak pitit mwen yo (pou amizman).
- _____ Pran medikaman preskripsyon mwen yo chak jou.



2. Sante emosyonèl mwen an

- _____ Pran yon souf epi respire pwofondeman 5 fwa.
- _____ Ekri santiman ak panse w yo nan yon journal.
- _____ Chache yon lwazi kreyatif (fotografi, penti, chante, koud rad, ekri, danse, elatriye)
- _____ Twouve yon lòt paran pou pataje eksperyans ou yo epi pale.
- _____ Patisipe nan yon aktivite kominotè (bibliyotèk piblik, sant kominotè, òganizasyon relijye, elatriye)
- _____ Konekte ak yon sèvis sipò pou sante mantal ou (konsèy endividyèl oswa konsèy an gwoup).

3. Lespri m nan

- _____ Idantifye yon bagay ou ta renmen aprann (yon lang, yon konpetans, yon metye).
- _____ Li yon chapit nan yon liv oubyen yon atik enteresan.
- _____ Jwenn yon ankadrè oubyen yon moun ou fè konfyans pou mande konsèy.
- _____ Enskri nan yon kou anliy (gen anpil kou anliy ki gratis).


Lòt estrateji












Tibebe Jiska Timoun Twazan
 Atelye 2 : Estil Edikasyon Timoun

Lanmou ak Limit

Ou ka mezire estil edikasyon paran yo nan : (1) Atant paran yo genyen pou pitit yo a epi (2) Afeksyon oswa ekspresyon lanmou ke paran an bay pitit li a.



Kalite edikasyon paran	Atant	Afeksyon (Ekspresyon Lanmou)	Konparezon
Otoritè Fokis sou obeyisans ak pinisyon olye de disiplin	 Elvè	 Ba	Miray an Brik 
Reyaktif Kreye yon relasyon pozitif, mete règ yo ann aplikasyon, epi reponn ak bezwen epi ak tanperaman pitit ou a	 Satisfèzan		Kolonn Vètebral 
Pèmisisif Li pa mete règleman oswa atant yo ann aplikasyon, paske « timoun se timoun »	 Ba	 Elvè oswa modere	Mediz 

Tibebe Jiska Timoun Twazan

Atelye 2 : Estil Edikasyon Timoun

Kisa Paran yo Ka Fè... epi Kisa ki Rive ?

LÈ PARAN YO....	TIMOUN YO APRANN POU YO...
Montre ak bay afeksyon	<ul style="list-style-type: none"> • Santi yo lanmou ak koneksyon • Renmen lòt moun • Apresye valè yo genyen « Mwen konnen yo pa t seleksyone w pou ekip foutbòl la, men m renmen w epi m fyè de ou dèske w te eseye. »
Ankouraje pitit pa yo	<ul style="list-style-type: none"> • Kontinye fè efò epi pa janm bay vag • Rete pozitif « Mwen wè ke w ap fè yon efò – m panse ou pral reyisi talè konsa ! »
Rekonèt pwèn fò pitit pa yo	<ul style="list-style-type: none"> • Wè pwòp pwèn fò pa yo • Rete konfyan « Li gen dwa difisil, men ann eseye wè si w ka fè l kanmèm. »
Fikse atant ki reyalis	<ul style="list-style-type: none"> • Santi ke yo akonpli yon gran bagay • Aprann kòman pou fikse objektif « Ou pa oblije fè yon mwayèn 10 nan chak egzamen, men m ta renmen w fè pi bon efò ou kapab. »
Aksepte ke li nòmal pou fè erè	<ul style="list-style-type: none"> • Rekonèt ke fè erè se yon pati enpòtan nan aprann • Eseye nouvo bagay « Mwen panse nou ka aprann de erè sa a – sa w panse ? »
Montre ke w pasyan epi koute timoun yo	<ul style="list-style-type: none"> • Devlòpe pasyans • Santi ke moun konprann yo ak aksepte yo • Konprann lòt moun « Se pou w pasyan – wap reyisi ! »

*Adapte apati Best Start Resource Center

Tibebe Jiska Timoun Twazan
Atelye 3 : Konekte ak Pitit ou
Defi Tanperaman an



Endikasyon : Panse sou 4 karakteristik tanperaman swivan yo.

Etap 1 : Evalye tibebe w la ak yon kè ♥ pou endike kikote w panse tibebe w ta ye sou kat karakteristik swivan yo. Pa egzanp, èske yo aktif anpil ? Oubyen yo pa aktif ? Oubyen yo antre de ekstrèm sa yo ? Mete kè à ♥ kote w panse tibebe w pozisyonnen sou tablo a.

Etap 2 : Aprè sa a, evalye tèt ou sou menm karakteristik yo ak yon zetwal. ★

Nivo Aktivite	
←-----	-----→
Aktif anpil	Pa aktif
Chans pou w vin Distrè	
←-----	-----→
Fasil pou distrè	Pa fasil pou distrè
Entansite	
←-----	-----→
Entanse anpil	Pa entans anpil
Pèsistans	
←-----	-----→
Pèsistan	Fristrè fasil

Tibebe Jiska Timoun Twazan
Atelye 3 : Konekte ak Pitit ou
Konsèy pou Paran

Kenbe yo

Kenbe bebe w, fè ti bo pou li epi karese l ! Pa pè pou w gate li. Ou pa oblije fè retisans nan montre li lanmou.

Reponn Tibebe w la

Tibebe w la depann de ou pou w reponn ak bezwen l yo. Veye ak koute pou w wè siy ki endike kòman tibebe a santi l ak kisa li bezwen. Pa egzanp, si l ap kriye oswa fè bwi, sa a gen dwa vle di li grangou, men konsa tou li ka cho. Avèk tan an, ou pral aprann konprann siy tibebe w yo. Reyaji ak sa ou konstate a. Sa a ede yo wè ke w sousye de yo.

Rekonfòte yo

Lè tibebe yo pa kontan, li difisil pou yo kalme tèt yo tou sèl. Yo depann de ou menm pou ede yo jere emosyon pa yo, kidonk li enpòtan pou rekonfòte yo lè yo kòmanse plenyen oswa kriye. Ti kal pa ti kal, yo pral aprann diferan fason pou rekonfòte tèt yo. Gen bebe ki kriye plis pase lòt. Si bebe w la kriye anpil, panse pou w pale de sa a ak doktè w la.

Jwè avèk yo

Tibebe w la renmen gade vizaj ou. Kenbe yo prè w, souri, fè ti grimas pou yo, epi pale nan yon vwa tibebe. Lè yo gen 6 oubyen 8 semèn, yo pral kòmanse souri ba w tou. Sa a vle di yo kontan epi y ap aprann prensip debaz nan kominikasyon. Fè « konvèsasyon » kote w reponn youn lòt ak bwi epi ak ekspresyon vizaj. Pran yon ti pòz lè bebe w la sanble fatige oswa sichaje. Si yo fatige, yo gen dwa evite gade w nan je.

Jere nivo estrès ki genyen lakay ou

Estrès se yon bagay nòmal, men si yon bebe sibi twòp estrès, li pa bon pou sèvo li. Bagay ki kapab estrese yon tibebe se gwo bwi, granmoun ki parèt fache oswa pa kontan, oubyen lè yon granmoun pa reponn ak bezwen tibebe a. Li enpòtan pou w gen yon estrateji sou plas pou adapte w lè lavi w vin estresan.

Pale ak zanmi w, fanmi w oswa doktè w pou w aprann diferan fason pou w jere estrès.



Adapte apati Boston Basics

http://boston.thebasics.org/media/18867/boston-basics-booklet-toddlers_new_es.pdf

Tibebe Jiska Timoun Twazan
Atelye 3 : Konekte ak Pitit ou
Planifye (PLAN) pou Tanperaman Pitit ou a

Prepare timoun yo pou sa ki gen pou rive a, sekans evènman yo, ak atant ou genyen pou konpòtman pa yo.

- Adapte dire tan an, kantite aktivite, ak sa yon tach egzije epi kapasite yon timoun genyen pou jere tach la.

Lese etikèt yo tonbe : Evite bay pitit ou yon etikèt oswa yon non devan lòt moun. (Pa egzanzp : Lè w repete souvan « David timid anpil », li pral kòmanse wè tèt li konsa epi sa a pral gen yon enpak sou fason li konprann tèt li.)

Antisipe : Entèveni epi chanje anbyans lan lè konpòtman an apenn kòmanse. Pa rete tann twòp.

- Planifye pou reyisit ou lè w panse ak kalite sipò pitit ou pral bezwen pou l fonksyone kòm sadwa. (Pa egzanzp : Pou yon timoun ki aktif, vin ak yon liv oubyen yon jwèt li renmen pou ede l fè fas ak reta ; pou yon timoun ki pran tan pou l adapte l, pwograme ase tan pou l ajiste pou nou pa santi nou two prese.)

Nouri reyisit ou : Kite pitit ou pratike konpetans ki pral ede l reyisi.

- Aprann yon timoun ki timid pou l gade moun nan je epi salye yon moun ki chè pou li toudabò, anvan li pratike sa a ak lòt moun.
- Ede yon timoun ki fouge anpil pou l aprann kalme tèt li, nan respire pwofondeman 3 fwa anvan w lanse w nan yon nouvo sityasyon.

Bay yon bagay ou ta renmen sispann fè pou ede ak devlopman pitit ou a.

Bay yon bagay ou ta renmen kòmanse fè pou ede ak devlopman tanperaman pitit ou a.

Kisa w ta renmen kontinye fè pou ede ak devlopman tanperaman pitit ou a.

Tibebe Jiska Timoun Twazan
 Atelye 4 : Pòz Kafè pou Paran yo
Kòman timoun piti aprann kontwole tèt yo

Kòman Timoun Piti Aprann Kontwole Tèt yo		
Tibebe	Timoun de ak twazan	Timoun preskolè
<ul style="list-style-type: none"> • Yo pa kapab kontwole eta emosyon yo byen • Pou kontwole emosyon pa yo, tibebe yo evite gade paran yo nan je oswa yo kriye • Fè reyaksyon san reflechi 	<ul style="list-style-type: none"> • Lè yo gen 18 mwa, yo ka kòmanse gen kapasite pou yo retade gratifikasyon pa yo • Yo vin mwens depandan de paran yo pou jere emosyon pa yo. • Eksprime fristrasyon pa yo pa aksyon 	<ul style="list-style-type: none"> • Y ap gen plis kapasite pou konprann ak soje règ konpòtman yo • Itilize teknik pou distrè tèt yo.
Sa Paran yo Kapab Fè		
Tibebe	Timoun de ak twazan	Timoun preskolè
<ul style="list-style-type: none"> • Kenbe atansyon timoun nan nan gade l nan je, pale ak li epi jwè ak li. • Reponn ak siy tibebe a epi montre ke w konprann bagay ke l renmen yo • Retire faktè ki ba li estrès. « Si l pa wè eleman deklanchè a, l ap bliye l » 	<ul style="list-style-type: none"> • Se pou w dirèk epi klè, epi founi yon estrikti pou timoun yo • Sipòte timoun yo emosyonèlman epi evite repons ki negatif oswa two sevè • Pale konsènan santiman yo epi lye yo ak konpòtman reyèl (« Ou tris paske ou vle ale kounyeya. Men nou oblije rete tann bis la. ») 	<ul style="list-style-type: none"> • Kite timoun yo jwè poukont yo oubyen ak lòt timoun parèy yo epi eseye rezoud pwoblèm yo tou sèl. • Bay yo opòtinite pou fè jwèt imajinasyon epi pou li liv • Pratike rete tann nan yon limit ki rezonab – di yo « Premyèman, nou pral fè tèt bagay, epi aprè sa a, nou ka fè lòt bagay sa a »



Tibebe Jiska Timoun Twazan
Atelye 5 : Jere Imè yo
Videyo – Se pou w kirye, pa an kolè



A) Ekri konpòtman ou te wè nan videyo a ke w wè souvan lakay timoun piti.

1. _____

2. _____

3. _____

B) Dekri rezon prensipal ki fè timoun piti yo aji nan fason sa yo oubyen kriye ak fè estera :

1. _____

2. _____

3. _____

C) Kisa w panse timoun yo nan videyo a ap eseye kominike atravè konpòtman yo a ?

1. _____

2. _____

3. _____


Sonje **ABC** yo : **A**ll **B**ehavior is **C**ommunication (Tout konpòtman se yon kominikasyon li ye) !

Tibebe Jiska Timoun Twazan
Atelye 5 : Jere Imè yo

Konsèy pou ede paran yo jere sityasyon lè timoun piti yo ap kriye anpil

Fokis sou ede pitit ou « retabli »

- Pran yon souf pwofon epi rete kè poze
- Bay yo yon okazyon pou yo eksprime santiman sa yo an sekirite
- Bay yo sipò yo bezwen an
- Sigjere yon aktivite poze pou ede yo rekòmanse



Rapèl pou lè li refèt ankò

- Eseye pa pran li o pèsònèl
- Pa eseye aprann li yon nouvo konpetans pandan l ap kriye ak fè estera
- Sonje ke tibebe ak timoun piti yo bezwen tan pou yo grandi ak pratike pou yo ka aprann nouvo konpetans



Tibebe Jiska Timoun Twazan
Atelye 6 : Bonjou Bebe, Ann Pale


Langaj : Akonplisman Tipik nan Devlopman Langaj

Nesans jiska 7 mwa

- Li souri lè l tande vwa w
- Li kòmanse fè ti bwi ak imite son yo
- Li vire tèt li vè direksyon kote l tande yon son
- Li vin pi ekspresif epi l kominike plis ak vizaj li epi ak kò li
- Li gade vizaj yo ak anpil atansyon epi l kòmanse reyaji lè lòt moun eksprime emosyon pa yo

7 mwa jiska 21 mwa

- Li reponn ak demann oral senp
- Li itilize jès senp, tankou souke tèt li pou « non » epi l reponn lè yon moun di l « non »
- Li fè ti bwi ak entonasyon (chanjman ton)
- Li di « papa » ak « manman »
- Itilize eksklamasyon, tankou « Oh-oh ! »
- Li eseye imite mo



12 mwa jiska 2 zan

- Li lonje men l sou yon objè oubyen yon imaj lè w lonmen l
- Li rekonèt non moun li konnen, objè, ak pati kò
- Li repete plizyè mo inik (15 a 18 mwa) ak fraz (18 a 24 mwa)
- Li itilize fraz ki gen ant 2 ak 4 mo ladan yo
- Li swiv senp enstriksyon ki gen yon sèl etap
- Li repete mo li tande lòt moun ap di

2 ijska 3 an

- Recognizes and identifies almost all common objects and pictures
- Li rekonèt ak idantifye prèske tout objè ak imaj ki komen
- Li konprann pifò fraz epi li itilize fraz ki gen ant 4 ak 5 mo
- Li konprann plasman fizik nan espas (sou, anndan, anba)
- Li ka di non li, laj li, ak si se yon gason oubyen yon fi
- Li itilize pwonon (mwon, ou, nou, yo) ak kèk mo pliriyèl (machin yo, chen yo, chat yo)
- Li eksprime anpil diferan emosyon epi l montre afeksyon ouvètman

Tibebe Jiska Timoun Twazan
Atelye 6 : Bonjou Bebe, Ann Pale
Langaj ak Kominikasyon :
Konsèy pou Paran

MIWA

Repete sa pitit ou ap di etan w ap gade l nan je.



RESPÈ

Pitit ou pral aprann ke mo yo enpòtan epi ke w bay mo li yo anpil valè.

PRAN YON PÒZ

Se pou w konfòtab ak moman silans yo pou ede pitit ou absòbe sa w di a.



PASYANS

Bay pitit ou tan pou panse, paske sa a pral ba yo yon chans pou reponn.



Tibebe Jiska Timoun Twazan

Atelye 6 : Pitit Kriye w la

Konte, Gwoupe ak Konpare

Avèk Tibebe

- Jwè Mizik : Nou tout gen yon lanmou natirèl pou mizik. Pataje lanmou sa a ak pitit ou. Jwè mizik dous oubyen chante ansanm lè nou ansanm.
- Bouje nan yon rit : Bat men w, bat pye w, balanse, oubyen fè ti bò pou bebe w nan yon rit regilye. Konte pandan w ap fè l. Pa egzanp, kontwole zotèy pitit ou yo oswa mòso fwi.
- Konpare : Founi opòtinite pou pitit ou kapab touche oswa eksplòre bagay ki fè pati yon sèl kategori ak objè ki diferan. Pa egzanp, kite tibebe w la souke objè ki fè diferan bwi oubyen touche mòso twal ki gen teksti diferan.
- Itilize mo matematik : Lè w pale ak tibebe w la, itilize mo ki gen rapò ak ide matematik, tankou kantite ak konparezon. Ou pa oblije kreye yon tan espesyal pou fè sa a. Ou kapab itilize mo matematik nenpòt lè w ansanm ak pitit ou.

Ak Timoun De ak Twazan yo



- Kontwole : Avanse nan chif ki pi gran yo pandan yo kòmanse konprann nimewo ki pi piti yo. Jèn timoun yo aprann nan itilize tout sans yo, kidonk mande yo lonje dwèt yo sou objè oswa touche yo etan y ap kontwole yo.
- Ajoute ak Soustrè : Eksplòre sa ki rive lè w ajoute oswa retire objè nan yon gwoup. « Ou gen twa bonbon. Konbyen ou pral genyen si w manje youn ? »
- Lonmen fòm yo : Chache fòm nan anviwònman w. « Mont lan se yon sèk. Èske w wè lòt sèk ? » Sa a te ka yon jwèt ke w fè pandan w ap fè komisyon lavil.
- Matche ak Triye : Kreye yon jwèt kote w asosye ak triye objè nan gwoup. Pitit ou ka asosye ak triye objè selon fòm, koulè, gwosè ak lòt karakteristik.
- Konpare gwosè, kantite ak pwa : Pa egzanp, dekri objè yo kòm gwo, piti, lejè, lou. Mande pitit ou kilès nan de (2) objè ki pi gran oswa pi piti.
- Klase objè pa òd : Pratike klase objè pa òd. Pa egzanp, pitit ou ka ranje poupe sòti nan sa ki pi piti a rive nan sa ki pi gran an. Gade pou wè ki kategori ankò li kapab kreye.
- Fè matematik vin yon pati regilye nan lavi li : Matematik jwè yon wòl nan lavi a menm lè nou pa rann nou kont de sa a. Pa egzanp, pou prepare manje, ou mezire engredyan, mete yon kowonomèt pou kontwole tan manje a ap pase nan fou a, epi kontwole kantite asyèt pou mete sou tab la. Chache fason pou kite pitit ou ede ak tach sa yo.
- Itilize Mizik : Bat men w epi danse ak pitit ou. Pitit ou pral aprann de chema etan l ap amize l !



Adapte apati The Boston Basics

Tibebe Jiska Timoun Twazan
Atelye 7 : Pitit Kirye w la
Ede Pitit ou Aprann pou I Rezoud Pwoblèm

SONJE : Ede pitit ou travay pou rezoud pwoblèm, men pa rezoud pwoblèm yo pou li san li pa oblije fè anyen. **Ankouraje I fè efò, pa sèlman fokis sou reyisit yo !** Pi ba a w ap jwenn ide etap pa etap.

Egzanp tibebe (9 mwa+)	Egzanp jèn timoun (18 mwa+)
<p>Sonnen yon klòch oubyen mete yon jwèt mizik an mosyon epi mete l anba yon zorye oubyen yon kouvèti kote pitit ou ka wè l men li pa ka touche l.</p> <p>Tann li apwoche l epi leve kouvèti a pou dekouvri l. (Pèmanans objè a)</p>	<p>Ede l asire ke blòk ki anba tou a pi laj epi espase kòm sadwa pou yo pi estab. Ankouraje pitit ou pou l kòmanse konstwi sou baz sa a.</p> <p>Kite l fè eksperimantasyon pou detèmine kòman pou fè l byen ekilibre. (Kòz epi efè)</p>
<ul style="list-style-type: none"> • Kreye yon teren « bowling » lakay la : Mete kèk woulo papye twal vid nan yon liy epi woule yon ti boul pou frape yo. Lè boul la frape yo, ranje yo ankò epi repete l. • Kounyeya, kite pitit ou fè l li menm epi eseye aktivite a ak diferan boul epi sou diferan ang. • Kòmante sou sa w wè epi di bagay tankou « Bon efò ! » oubyen « Ou te frape twa nan yo ! » 	<p>Si pitit ou ap konstwi yon kay an blòk sou tapi a epi l tonbe plizyè fwa, ou te ka :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Di yo ke w wè yo fristrè. • Mande yo si yo konnen sa ki koze pwoblèm nan. • Ofri obsèvasyon w yo, tankou tapi a mou, donk blòk yo pa estab. • Mande yo si yo gen ide anvan w ofri pwòp ide pa w yo (« Kisa nou te ka eseye ? ») 

Objektif la se pou gide ak sipòte pitit ou nan jefò l ap fè pou l rezoud pwoblèm yo men pa fè yon bagay pou li, si l gen konpetans pou akonpli tach la li menm.

*Adapte de The Center for the Social Emotional Foundations of Early Learning

Tibebe Jiska Timoun Twazan
Atelye 9 : Timoun yo Renme Eksplòre
Etap Enpòtan nan Devlopman an

NESANS JISKA 3 MWA

- Li kòmanse pratike yon souri sosyal
- Li renmen jwè ak lòt moun epi l gen dwa kriye lè yo kanpe jwèt la.
- Li kominike plis ak vizaj li epi ak kò li
- Li imite kèk mouvman ak ekspresyon vizaj.



3 MWA JISKA 7 MWA

- Li renmen jwè ak lòt moun.
- Li renmen jwè ak miwa.
- Li reyaji lè lòt moun ekspriye emosyon pa yo.



7 MWA JISKA 12 MWA

- Li kriye lè manman l oswa papa l deplase – li timid ak lòt moun.
- Li renmen imite lòt moun
- Li prefere kèk moun oswa jwèt parapò ak lòt
- Li pouse limit yo pandan l ap manje
- Li prefere manman l ak/oswa swanyan prensipal li anvan tout lòt moun

12 MWA JISKA 2 ZAN

- Li imite konpòtman granmoun ak timoun ki pi gran
- Li pi konsyan de tèt li kòm yon moun apa
- Li kontan pou l pase tan ak lòt timoun
- Li fè plis aktivite ak endepandans
- Li kòmanse fè rebèl, epi l pa obeyi paran l.



ANT 2 AK 3 ZAN

- Li kontan pou l wè zanmi l renmen jwè avèk yo
- Li kapab rete tann tou pa l pandan jwèt yo
- Li konprann ide « sa a se pa m, sa a se pa w »



- Bay akòlad ak ti bò
- Li pa renmen chanjman woutin

ANT 3 AK 4 AN

- Li enterese pa nouvo eksperyans
- Li kolabore ak lòt timoun
- Li kreyatif lè l ap fè jwèt imajinasyon (li jwè wòl « manman an » oswa « papa a »)
- Li kolabore ak lòt timoun yo
- Li abiye ak dezabiye tèt li
- Li pi endepandan, li twouve solisyon ak negosyasyon
- Imajinasyon an anpòte (li pè « monst oubyen dyab »)
- Souvan li pa ka wè diferans ant fantezi ak reyalite



ANT 4 AN AK 5 AN

- Li vle fè zanmi l plezi epi aji menm jan avèk yo
- Li gen plis tandans pou l aksepte swiv règ ak prensip
- Li renmen chante, danse ak aji
- Li montre li pi endepandan ak lòt moun
- Li kapab fè diferans ant fantezi ak reyalite
- Pafwa li egzijan, pafwa li kontan pou l kolabore

ANT 6 AK 8 AN

- Li montre li plis endepandan parapò ak paran l ak fanmi l
- Li kòmanse panse ak avni an
- Li prete plis atansyon ak amitye epi ak devwa l yo
- Li vle pou zanmi l yo renmen l ak aksepte l
- Li kòmanse devlope konpetans mantal li yo rapidman
- Li aprann pi bon fason pou dekri eksperyans epi pale de panse ak santiman l yo
- Li fokis mwens sou tèt li epi l gen plis enkyetid pou lòt moun



Sous : <https://www.cdc.gov/ncbddd/childdevelopment/positiveparenting/middle.html>

Nesans Jiska Timoun Twazan
Atelye 9 : Timoun yo Renmen Eksplòre
Konsèy pou Tibebe (0 jiska 12 Mwa)



PASE TAN AK PITIT OU SOU LESTOMAK OU

Mete pitit ou sou lestomak ou souvan. Lè li leve tèt li pou l gade toutotou li, sa a ede l ranfòse misk nan kò li epi prepare pou l kòmanse grenpe. Anplis sa a, l ap gen chans pou l gade toupatou pi byen !

PRATIKE LEKTI

Kenbe yon jwèt anlè tèt pitit ou, oubyen mete youn atè a yon kote li pa ka manyen l. Sa a pral ankouraje tibebe w pou l lonje men l ak kòmanse devlopè kòwodinasyon li.

JWÈ KACH-KACH (KACHE VIZAJ OU AK MEN W)

Jwèt sa yo montre tibebe yo ke objè yo (ak moun yo) egziste menm lè yo kache. Anplis sa a, se yon bon fason pou fòje yon lyen ak pitit ou.

BA L YON OBJÈ POU L MANYEN

Ba l objè diferan koulè, fòm ak teksti pou jwe avèk. Lè l manyen objè, sa a ede l devlopè kòwodinasyon ant men l ak je l yo epi kapasite motris li yo tou. Itilize objè kotidyen. Ou pa bezwen jwèt sofistike pou gade atansyon tibebe w la.

ANKOURAJE DEKOUVÈT

Tibebe w la dekouvri kòman mond lan fonksyone nan fè eksperimentasyon. Li aprann tou atravè repetisyon, kidonk li gen dwa lage yon kiyè atè pou wè sa ki rive. Asiste l epi ede l lè l bezwen !

JWÈ CHACHE AK TWOUVE

Mete yon objè anba yon bokit oswa yon kouvèti epi gade pou wè si pitit ou ka jwenn li.

KITE L BOUJE KÒ L

Pèmèt pitit ou eksplòre antouraj li nan lonje men l, woule, grenpe ak bouje. Sa a bon pou ede l devlopè kowodinasyon li. Anplis sa a, li ranfòse « je lespri l » etan l ap gade objè sou yon nouvo ang pou detekte kote objè yo sitye nan lespas. Sèl bagay ou dwe fè se asire ke yo an sekirite !

Adapte apati Boston Basics :

http://boston.thebasics.org/media/18867/boston-basics-booklet-toddlers_new_es.pdf

Tibebe Jiska Timoun Twazan
Atelye 9 : Timoun yo Renmen Eksplòre
Konsèy pou Timoun ant Ennan ak Twazan (12 jiska 36 mwa)



SWIV YO

Jèn timoun yo aprann anpil nan fè eksperimentasyon poukont yo. Si pitit ou sanble l ap konsantre sou yon bagay, tankou vide dlo nan basen an oswa mete blòk youn sou lòt, kanpe nan yon distans pou yon ti tan pou kite l rezoud pwoblèm nan li menm. Sa a se yon egzèsis pou sèvo li a.

KITE YO KONSTWI

Itilize blòk pou konstwi yon tou. Nan ki wotè ou ka rive ? Ki lòt fòm ou menm ak pitit ou ka konstwi ? Nou pa bezwen achte blòk pou n fè sa a. Ou ka itilize bwat katon oswa gode an plastik pou fè sa a tou.

FÈ KREYASYON ATISTIK

Desinen se yon bon fason pou fè timoun yo travay ak men yo epi pou yo kreyatif. Ba li kèk kreyon koulè ak papyè. Pitit ou ka pratike dechire ak pliye papyè tou.

JWÈ SOU YON TEREN OBSTAK

Konstwi yon teren obstak senp. Ou ka itilize kouvèti, zorye oswa bwat. Gade pou wè si pitit ou ka simonte, pase anba, ak travèse objè sa yo.

JWÈ KACH-KACH LIBEN

Pitit ou kapab kache deyè kanape a oswa anba tab la. Oubyen ou kapab kache objè nan chanm nan. Sa a se yon bon aktivite pou ede l devlòpe kapasite li pou l panse.

FÈ YON PWOMENAD

Tout bagay nouvo pou jèn timoun, kidonk yon aktivite ki osi senp ke yon pwomènad nan katye a ofri l anpil opòtinite pou l eksplòre. Kanpe pou egzaminen wòch, ensèk oswa plant. Pale de sa ou wè.

Adapte apati Boston Basics
http://boston.thebasics.org/media/18867/boston-basics-booklet-toddlers_new_es.pdf

Tibebe Jiska Timoun Twazan
 Atelye 9 : Timoun yo Renmen Eksplòre
Plan Aksyon



Pati Youn (1) ?

Dekri twa (3) fason pitit ou renmen bouje, jwè, eksplòre oswa manyen bagay ?	Dekri twa (3) fason ou renmen bouje, jwè, eksplòre oswa touche ?
1) 2) 3)	1) 2) 3)

Sèk : Kisa mwen menm ak pitit mwen renmen fè ansanm ?



Pati de (2) : Ann bouje !

Aktivite nou ka fè ansanm : Kisa nou pral eksplòre ?	Kikote nou ka fè aktivite a ? Kote pou nou eksplòre	Kilè nou kapab fè aktivite a / eksplòre ansanm ?

Tibebe jiska Timoun Twazan
Atelye 10 : Yon Fwaye ki (Pi) Pozitif
5 Konsèy Itil

1. Se pou w kirye, pa fache

Premye etap pou alèje estrès ou se pou w rekonèt sa ki fwase w. Idantifye estrateji pou rete poze lè w panse sou sa pitit ou ap di w.

2. Limite tan ekran an epi itilize l ak pridans

Teknoloji kapab edikasyonèl ak amizan – men tibebe w oswa jèn timoun pa w vle atansyon pa w anvan tout lòt bagay. Okenn medya pa ka ranplase enteraksyon ak yon moun reyèl ! Siveye medya pitit ou ap konsome pou asire ke l apwopriye pou laj li. Sonje pou w konsome medya nan yon fason ki pridan ou menm tou.

3. Dòmi ase – oswa repoze ase

Lè nou pa dòmi ase, nou fokus sou fristrasyon nou resanti difètke nou p ap dòmi, epi sa a rann nou pi estrese toujou ! Asire nou ke tout moun nan kay la – ou menm tou – dòmi ase. Eseye fèmen televizyon an, jè videyo yo, oubyen mizik fò pi bonè nan sware a pou bay tout moun yon chans pou yo kòmanse detann yo ak prepare yo pou dòmi.

4. Senplifye woutin yo epi kenbe yo konsistan !

Woutin ki senplifye ak konsistan ede timoun ak granmoun alafwa. Lè tout moun konnen sa pou yo atann, tach kotidyen kapab fèt avèk mwens estrès.

5. Chache manyè pou w eksplòre mond ki antoure w la ansanm ak jèn pitit ou a

Pi bon aktivite ou kapab fè ak bebe w yo senp epi yo envite enteraksyon. Etan pitit ou ap grandi, li gen dwa apresye aktivite nan kominote a pi plis. Chache opòtinite pou pwofite de opsyon ki gratis oubyen ki pa koute anpil lajan. (Kenbe eksperyans lan fleksib ak kout si ti pitit ou a fatige fasil.)



Refleksyon

Ki seyans ki te gen yon pi gran enpak sou fason m edike pitit mwen an ?

Ki konsèy mwen resevwa nan men yon lòt paran ki te enfliyanse m anpil ?

Lè pitit mwen reflechi sou fason mwen te edike yo yon jou nan lavni, mwen ta swete ke yo di :

Resous

Twouve yon pwogram : <https://www.families-first.org/find-a-program/>

Adrès : 50 Hunt St, Watertown, MA 02472 (Main Office)

Nimewo telefòn : 617-868-7687

Sit wèb prensipal : <https://www.families-first.org/>



Swiv nou sou Facebook ! <https://www.facebook.com/familiesfirstma/>

Enskri sou Pòtay nou an pou Ansyen Etidyan ! <https://www.families-first.org/alumniportal/>



Non itilizatè : _____

Mòdpas : _____